दिन–मंगलवार दिनांक–25.02.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू देश मे स्वास्थ्य संस्थान सभ मे नीक चिकित्सा सुविधाक विकेन्द्रीकरण आ शोध पर जोर देलनि अछि। राष्ट्रपति आइ पटनाक बापू सभागार मे पटना मेडिकल कॉलेज अस्पताल पीएमसीएचक शताब्दी समारोह के संबोधित कऽ रहल छलीह। राष्ट्रपति कहलनि जे जौं छोट शहर मे चिकित्सा सुविधा उपलब्ध होयत तऽ एहि सँ पैघ संस्थान पर दबाव कम होयत। ओ कृत्रिम मेधा आ रोबोटिक्सक उदाहरण दैत कहलनि जे प्रौद्योगिकीक उपयोग सँ इलाज मे क्षमता आ सटीकता बढ़त। राष्ट्रपति एहि बात पर प्रसन्नता व्यक्त कयलनि जे पीएमसीएच पांच हजार चारि सय सँ बेसी बेडक संग दुनियाक दोसर सभ सँ पैघ अस्पताल बनि रहल अछि। ओ चिकित्सा जगत सँ गरीब आ जरूरतमंद लोकक सेवा लेल काज करबाक आग्रह कयलनि। समारोह के संबोधित करैत राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खान चिकित्साक क्षेत्र मे भेल उपलब्धिक वर्णन करैत कहलनि जे हुनका एहि बातक गर्व भऽ रहल अछि जे बिहार सरकारक घोषणाक अनुसार पीएमसीएच दुनियाक दोसर पैघ अस्पताल होयत। सभा के संबोधित करैत मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे दू हजार पांच सँ पहिने प्रदेश मे मात्र छओ मेडिकल कॉलेज अस्पताल छल, जे आइ बढ़ि कऽ बारह भऽ गेल अछि।

---

समारोह के केन्द्रीय स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण मंत्री जे.पी.नड्डा सेहो संबोधित कयलनि। ओ कहलनि जे पीएमसीएचक विशेषता इएह सँ सोझा अबैत अछि जे दुनियाक कोनो क्षेत्र मे चलि जाउ लोक के पीएमसीएचक डॉक्टर अवश्य भेटताह। कार्यक्रम मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा आ पूर्व केन्द्रीय मंत्री रविशंकर प्रसाद समेत आनो गणमान्य लोक भाग लेलनि। देश–विदेश सँ कतेको प्रसिद्ध चिकित्सक आ पीएमसीएचक पूर्ववर्ती छात्र लोकनि सेहो उपस्थित छलाह। पटना मे राष्ट्रपतिक भ्रमण कार्यक्रम के देखैत सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि।

———————————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय राजदक बर्खास्त विधान परिषदक सुनील सिंहक सदस्यता के बहाल करबाक आदेश देलक अछि। सुनील सिंह केर विधान परिषदक सदस्यता मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पर अपमानजनक टिप्पणी करबाक आरोप मे समाप्त कऽ देल गेल छल। एहि मामिला मे शीर्ष अदालत अपन निर्णय मे कहलक जे विधान पार्षदक व्यवहार सही नहि छल। मुदा, हुनका आवश्यकता सँ बेसी सजा देल गेल। विदित अछि जे एहि सीट पर उपचुनाव लेल घोषणा सेहो कऽ देल गेल छल आ जदयूक दिस सँ ललन प्रसाद अपन नामांकन दाखिल कऽ देने छलाह।

———————————————————————————

दिल्लीक एक विशेष अदालत रेलवे मे जमीनक बदला नोकरी मामिला मे राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद, हुनक पुत्र तेजप्रताप यादव आ तेजस्वी यादव, बेटी हेमा यादव समेत सभ आरोपी के आगामी एगारह मार्च के अदालत मे हाजिर हेबाक आदेश देलक अछि।

———————————————————————————

आगामी अठाईस फरवरी सँ बिहार विधान मंडलक बजट सत्र शुरू भऽ रहल अछि। विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह एकर सुगम संचालन लेल आइ सर्वदलीय बैसार कयलनि। एहि मे विभिन्न दलक वरिष्ठ नेता लोकनि उपस्थित भऽ विधान मंडलक बजट सत्र के सुगम संचालन लेल चर्चा कयलनि।

———————————————————————————

प्रदेश मे काल्हि महाशिवरात्रिक पर्व मनाओल जायत। एहि के लऽकऽ शिवालय सभ के सजाओल जा रहल अछि। श्रद्धालु लोकनि शिवरात्रिक अवसर पर विशेष पूजा आ व्रत–अनुष्ठान करताह आ शिव वरियात सेहो निकालल जायत।

———————————————————————————

प्रयागराज महाकुंभ मे पवित्र स्नान लेल पैघ संख्या मे श्रद्धालु लोकनि पहुचि रहल छथि। प्राप्त जनतबक अनुसार एखन धरि संगम मे तिरसठि करोड़ सँ बेसी श्रद्धालु

आस्थाक डुबकी लगौलनि। ई संख्या लगातार बढ़ि रहल अछि। एम्हर, काल्हि महाशिवरात्रि के अवसर पर होबयवला अमृत स्नान मे भाग लेबाक लेल प्रदेशक विभिन्न भाग सँ पैघ संख्या मे श्रद्धालु लोकनि पहुंचि रहल छथि। रेलवे महाकुंभ मे सम्मिलित होबय जा रहल यात्री सभक सुविधा आ सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयलक अछि। विभिन्न स्टेशन पर होल्डिंग एरिया बनाओल गेल अछि आ कतेको विशेष कुंभ ट्रेनक परिचालन कयल जा रहल अछि। हमर समस्तीपुर संवाददाता जनौलनि अछि जे आइ समस्तीपुर रेल मंडलक जयनगर आ दरभंगा स्टेशन सँ दू कुंभ स्पेशल ट्रेन चलाओल जा रहल अछि।

———————————————————————————

संपूर्ण प्रदेशक औसत तापमान मे वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे सामान्य सँ एक–दू डिग्री सेल्सियस वृद्धि दर्ज भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चारि दिन धरि तापमान मे दू–चारि डिग्री सेल्सियस वृद्धि हेबा सँ गर्मीक अनुभव होयत।

———————————————————————————

समाप्त